



--

[illegible]



66 John Street, 11th Floor
New York, NY 10038
Tel: (212) 436-0821
Email: sehd@oath.nyc.gov

[illegible]

Enstriksyon yo – Lis Dokiman Prèv Paran an

Yon lis dokiman prèv se yon dokiman kote ou mete tout prèv ou vle itilize nan Odyans Selon Prensip Lalwa nan yon lis. Yon prèv ka gen ladan dokiman, videyo, anrejistreman odyo, foto oswa lòt dosye. Lè w make ak òganize dokiman prèv ou yo, sa ede asire tout moun ka jwenn prèv ou yo byen fasil pandan odyans lan.

Mete dokiman prèv ou yo nan lis dokiman prèv la pa vle di y ap otomatikman otorize w itilize yo pandan odyans lan. Lòt pati a kapab pa dakò ak youn oswa plizyè nan dokiman prèv ou yo. Yon Ofisye Odyans San Patipri (IHO) ka limite tou ki dokiman prèv ou ka itilize. Ou dwe prè pou w eksplike poukisa chak dokiman prèv konsène oswa enpòtan pou ka ou a.

Itilize fòmilè sa a

Ou ka itilize fòmilè sa a pou w kreye Lis Dokiman Prèv ou a oswa ou ka itilize pwòp lis ou kreye pou kont ou nan menm fòm. Si w ap itilize fòmilè sa a, swiv enstriksyon sa yo. Ranpli fòmilè sa a anliy oswa enprime l epi ekri nan kare yo.

Antèt

Nan kare yo ki anba "Nan kad Odyans" mete non elèv la nan lòd sa a: Siyati, Non.
Sou lamèn dwat, mete nimewo ka ou a ki gen 6 chif ladan.

Lòd Dokiman Prèv yo Dwe ye

An jeneral, ou ta dwe mete prèv yo nan lòd "kwonolojik". Mete dokiman prèv ki pi ansyen yo anvan epi prèv ki pi nouvo yo an dènye.

Kolòn "Dokiman Prèv" la

Nan kolòn ki make "Dokiman Prèv" la, mete yon lèt devan chak prèv (A, B, C, elatriye). Si w fin itilize tout lèt nan alfabè a epi pa gen lèt ankò repete alfabè a epi kòmanse repete menm lèt la de oswa twa fwa (AA, BB, CC. . . XX, YY, ZZ, AAA, BBB).

Kolòn "Dat" la

Nan kolòn sa a, mete dat dokiman prèv la te kreye a. Si yon dokiman prèv gen plis pase yon dat (pa egzanp, yon gwoup imel ant de moun), mete tout dat yo oswa entèval dat la (1/1/2022-1/30/2022). Si w pa konnen dat dokiman prèv la te kreye, devine dat ou panse ki pi pwobab la oswa ekri ou "Pa Konnen".

Kolòn "Tit/Deskripsyon" an

Nan kolòn sa a, bay chak dokiman prèv yon non. Si dokiman gen yon tit oswa li gen non deja, itilize non oswa tit sa a (pa egzanp, "IEP" oswa "Evalyasyon Pawòl-Langaj"). Si dokiman prèv la pa te deja gen yon tit/non, ekri yon deskripsyon prèv la (pa egzanp, "Imel ant Paran ak Direktè P.S. 12 la sou leson patikilye" oswa "Foto salklas la")

Kolòn "# Paj" la

Nan kolòn sa a, mete konbyen paj chak dokiman prèv genyen. Si dokiman prèv ou a se yon videyo, anrejistreman odyo, oswa yon lòt bagay kote pa gen yon kantite paj, kite espas la vid oswa mete N/A pou "Pa Aplikab".

Egzanp

W ap jwenn yon egzanp sou kòman pou w ranpli fòmilè sa a anba la.

MODÈL LIS DOKIMAN PRÈV

<u>Dokiman Prèv</u>	<u>Dat</u>	<u>Tit/Deskripsyon</u>	<u># Paj</u>
A.	7/1/2022	Plent pou Aplikasyon Lalwa Kòmsadwa	4
B.	6/1/2022	Evalyasyon Newosikolojik	15
C.	6/15/2022	IEP	13
D.	6/15/2022	Anrejistreman odyo rankont IEP	N/A
E.	6/17/2022	Foto salklas la	2